23 Aktivite pou Timoun

23 Activities for Children



Nan moman difisil,

li toujou bon pou etabli yon woutin kote timoun yo kapab fè aktivite edikasyonèl regilyèman. Sa kapab ede yo jwenn yon balans ak plezi nan lavi yo. Men 23 aktivite edikasyonèl ki senp epi tou enteresan ou kapab fè ak pitit ou lakay. Nou espere nou va amize nou byen!

During difficult times,

building regular learning activities into your children's routine can help bring stability and fun into their lives. Here are 23 simple and entertaining educational activities you and your children can do together at home. We hope you enjoy them!

1. Panse a diferan karaktè nan istwa prefere w. Panse a ki jan istwa a te kapab diferan si se te yon lòt moun ki te gen yon pèspektif diferan ki t ap rakonte l. Ansanm, fè teyat ak istwa sa a nan lòt fason ou imajine li kounye a. Nan ki fason istwa sa a te chanje?

Think of the characters in your favorite story. Think about how the story would be different if it was told from the perspective of a different character. Act out the new story together. How did the story change?

2. Panse a de (2) karaktè ou pi renmen nan de liv diferan ke w te li. Ki sa w kwè k t ap rive si de karaktè say o ta rankontre? Jwe wòl la pou montre lè karaktè sa yo rankontre. Si posib, kreye kostim ak diferan bagay ou jwenn nan kay la, epi monte yon pyès teyat.

Think of two of your favorite characters from two different books. What would happen if they met? Act out a story where the two characters meet. If possible, create costumes out of household items and stage a play.

3. Mete kèk bagay nan yon sak. Mande pitit ou pou li retire youn nan bagay ki nan sak la. Mande li pou di yon istwa sou bagay la. Kounye a pran yon bagay tou nan sak la epi kontinye di istwa pa w, kote w sèvi ak bagay la. Kontinye aktivite a jiskaske pa gen anyen ki rete nan sak la. Epi rekòmanse.

Fill a bag with a few objects. Ask your child to pull out an item from the bag. Ask your child to tell a story about the item. Then you pull out an item from the bag and continue telling the story using that item. Take turns until you run out of items, and then do it again!

4. Mande pitit ou pou li pretann ke atè a gen anpil labou epè. Epi mande l pou l pretann l ap mache nan labou a. Aprè sa mande l pou li pretann atè a gen anpil sab, lanèj, zèb fen, asfalt cho, ak yon varyete lòt sifas. Mande l pou l demontre ak jès ki jan li t ap mache nan chak sifas yo.

Tell your child to pretend that the floor has become thick mud. Ask him/her to pretend he/she is walking across the mud. Then pretend that the floor has become sand, snow, soft grass, hot pavement, or a variety of other surfaces, and pantomime how he/she would walk.

5. Gade nan magazin oubyen nan jounal pou chèche foto ak mo ki kòmanse ak lèt (i) (oubyen yon lòt lèt ou chwazi). Koupe foto yo epi sèvi avèk yo pou ou rakonte yon istwa.

Look through magazines or newspapers for pictures of words that start with the letter i (or another letter of your choice). Cut the pictures out and use them to tell a story.

6. Mande pitit ou pou panse a yon kote li ta renmen vizite (Si ou te kapab vwayaje ale nenpòt ki kote, ki kote ou t a ale?). Mande l pou li dekri kote a epi tou rakonte ki jan l ta santi l lè la p vwayaje nan plas sa a.

Ask your child to think of a place they would like to visit. (If you could go anywhere where would you go?) Ask your child to describe the place and tell a story about what it would be like to visit the place.

7. Ekri yon pwezi oubyen yon chante ak mo ki rime (ki fini ak menm son).

Make up a poem or a song using rhyming words.

8. Simen yon ti kras farin, sab, oubyen tè sou yon sifas ki plat. Mande pitit ou pou li ekri yon lèt avèk dwèt li nan sab la. Aprè sa, eseye ekri nimewo ak lòt mo, epi trase fòm tankou triyang ak kare.

Spread a small amount of flour, sand or dirt on a flat surface. Ask your child to use his or her finger to write letters in the sand. Then try to write numbers and words and to draw shapes.

9. Mande pitit ou pou li devine a ki lèt w ap panse. Annik di yon lèt, epi fè l di w ki lèt ki vini devan epi aprè lèt la.

Ask your child to guess the letter you are thinking of by giving him/her the letter before it or after it.

10. Gade yon foto nan yon magazin oubyen yon jounal. Mande timoun yo pou yo dekri sa k ap pase nan foto a. Aprè sa, mande yo pou yo predi ki sa ki te pase avan e ki sa ki pral pase aprè sa daprè foto a.

Look at a picture in a magazine or newspaper. Ask children to describe what is happening in the picture. Then ask them to predict what happened before and after it.

11. Chwazi materyèl ki gen teksti tankou koton, twal swa, fèy sèch, epi mete yo nan diferan sache. Mande pitit ou pou foure men l anndan chak sache san li pa gade sa ki ladan l. Mande pitit ou pou li dekri kouman chak bagay li touche santi, epi devine sa li ye.

Pick textured materials such as cotton balls, soft clothing, and dried leaves, and put them into bags. Ask your child to reach into each bag without looking at the object. Ask your child to describe how the object feels, and to guess what it is.

12. Di pitit ou kat bagay ou renmen nan li. Epi repete menm aktivite/aksyon sa a pou zanmi w ak fanmi w.

Tell your child four things you love about him/her. Then repeat the activity for your friends and family.

13. Panse a yon mo. Mande pitit ou pou li di lòt mo ki rime (fini ak menm son) ak mo pa w la. Panse a plizye lòt mo rime ke w ka prezante.

Think of a word. Ask your child to name words that rhyme with it. Come up with as many rhyming words as you can think of.

14. Devine konbyen pa l ap pran w pou ou travèse yon pyès kay. Travèse pyès la epi teste prediksyon w lan. Aprè sa , devine konbyen fwa pou w sote, vole, ponpe, ak fè lòt kalite mouvman pou w travese pyès la. Tcheke prediksyon ou yo.

Guess how many steps it will take you to cross the room. Walk across the room and test your prediction. Then guess how many jumps, leaps, skips, hops, and other kinds of movements it will take you to cross a room. Test your predictions.

15. Konpoze chante sou pwòpte tankou lave men ak brose dan. Chante ti chante sa a ak pitit ou chak fwa w ap fè aktivite sa yo.

Make up songs about healthy activities like washing your hands and brushing your teeth. Sing the song every time you do the activity.



16. Fè pitit ou idantifye pati kò li pandan w ap jwe yon jwèt avèk li. Kanpe devan l epi di l oubyen montre l ki pati nan kò l pou l touche. Epi ale pi vit pou wè si pitit ou ap kapab kontinye idantifye pati kò li san li pa fè fot. ("Touche zòtey ou, touche nen w, touche po bouch ou," eksetera).

Have your child identify parts of the body by playing a game. Stand in front of your child and indicate which body part to touch. Then go faster and see if your child can keep up without making a mistake. ("Touch your toes, touch your nose, touch your lips," etc.)

17. Sèvi ak yon espas ki laj epi fè mouvman ak yon pati nan kò ou, epi mande pitit ou imite w. Aprè sa ajoute yon lòt mouvman epi mande pitit ou imite ou ankò. Kontinye ajoute lòt mouvman. Chak fwa ou ajoute yon mouvman, fè pitit ou imite tout sa w fè depi o kòmansman.

Use an open space and move one part of your body, and then have your child imitate you. Then add on another movement and have the child imitate you again. Keep on adding movements and have the child copy you from the beginning.

18. Kole kèk bout tep oswa kòd atè nan nenpòt ki fason pa aza. Mande pitit ou mache sou kòd/tep la pandan la p suiv fòm li kreye atè a.

Get some tape or a rope and put it on the floor in a haphazard manner. Have your child walk on the rope/ tape and follow the shape of the path.

19. Mande timoun yo reflechi sou bèt kò yo diferan ak kò pa nou. Pa egzanp di yo: Eske w ka panse ki bèt ki gen nen yo long? Lè timoun yo fin pale, di konsa, "An nou sekwe nen nou!" Repete direksyon sa a pou diferan pati nan kò a.

Ask children to think of animals that have bodies that are different than ours. For example, say, "Can you think of animals that have long noses?" After children name animals say, "Let's wiggle our noses!" Repeat for different body parts.

20. Pran yon liv oubyen jounal ki gen foto epi mande pitit ou pou l dekri ki sa moun ki nan foto a ap fè. Mande pitit ou si li kapab fè sa tou. Kite l montre w si l kapab.

Take a book or magazine with pictures and have your child describe what the person is doing in the picture. Ask your child if s/he is able to do this. Have her/him show you if they'd like.

21. Jwe jwèt sa a "Manman èske m kapab?" oubyen "Manman èske mwen mèt?" ak pitit ou. Kanpe yon bò nan yon sal oswa yon espas ki laj, epi fè pitit ou kanpe sou lòt bò. Pitit ou ap mande pèmisyon pou li mache yon kantite pa, sote, oubyen ponpe jiskaske li rive bò kote w. ("Manman/Papa eske m kapab sote 5 fwa?" Ou byen "Manman/Papa eske mwen mèt sote 5 fwa?")

Play 'Mother May I?' with your child. Stand at one end of a large room or in a large area and have your child stand at the other. Have your child ask for permission to take a certain number of steps, jumps, hops or skips, until s/he reaches you. ("Mother/Father, may I take 5 hops?")

22. Fè bwi bèt tankou "Mouou" oswa "Bèè". Mande pitit ou pou li devine ki bèt w ap imite. Aprè sa, fè kòm si ou se bèt la. Ki jan ou t ap mache/fè mouvman? Ak ki sa ou t ap sanble? Ki sa ou t ap manje? Ki bò ou t ap abite?

Make an animal noise, like "moo" or "baa," and ask your child to guess the animal that you are imitating. Then pretend to be that animal. How would you move? What would you look like? What would you eat? Where would you live?

23. Sèvi ak yon chodyè epi yon kiyè kòm tanbou. Mande timoun yo pou bat/jwe yon son(rit). Apre sa, mande yo pou chanje rit la pou eksprime diferan emosyon tankou lapenn, fachri, kè kontan, oubyen lapè. Mande timoun yo pou yo fè dans ki mache avèk rit tanbou yo ak tout emosyon yo.

Use a pot and a spoon as a drum. Ask children to play a drum beat. Then ask them to change the beat to express different emotions such as sad, angry, happy, or scared. Ask children to come up with dances to go with the drum beats and emotions.

Special thanks to:

Yon mèsi espesyal a konseye edikasyonèl so yo: Darnel Degand, Wilhel Jean-Louis, ak Kiran Jayaram.

Education advisors Darnel Degand, Wilhel Jean-Louise, and Kiran Jayaram.

Pwogram sa a fèt ak gwo bous Connie ak Bob Lurie ban nou an.

motorola foundation

Sesame Workshop®, Sesame Street® and associated characters, trademarks and design elements are owned and licensed by Sesame Workshop. © 2010 Sesame Workshop. All Rights reserved